



Pou Piblikasyon Imedya: 10/04/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL NONMEN ROWAN WILSON POU LI VIN JIJ AN CHÈF KOU
DAPÈL ETA NEW YORK LA**

Gouvènè a gen entansyon tou nonmen Caitlin J. Halligan pou sèvi kòm Jij Asosye nan Tribinal Dapèl la; Sipòte Jij Joseph Zayas pou l sèvi kòm Jij Administratif Anchèf

Gouvènè Kathy Hochul jodi a te nonmen Onorab Rowan D. Wilson, ki te sèvi kòm Jij Asosye nan Tribinal Dapèl la pandan sizan ki sot pase yo, pou sèvi kòm Jij Anchèf epi ranpli pòs vid ki te kreye an ete pase a. Gouvènè a gen entansyon nonmen tou Caitlin J. Halligan, ki te sèvi kòm Avoka Jeneral Eta New York ak Koseye Jeneral Pwokirè Distri Konte New York la epi ki se patnè kounye a nan kabinè avoka Selendy Gay Elsberg PLLC, pou ranpli pòs vid Jij Wilson lan kòm Jij Asosye nan Tribinal Dapèl la. Anplis de sa, Hochul te anonse gwo sipò li pou entansyon Jij Wilson pou l rekòmande Onorab Joseph Zayas pou nonmen l kòm Jij Administratif Anchèf, ki responsab sipèvizyon operasyon tribinal la, ki gen ladan yon bidjè ki gen plis pase 3 milya dola.

"Jij Anchèf nan Tribinal Dapèl la non sèlman dirije pi wo tribinal Eta a, men li responsab tou pou jere tribinal divèsifye ak konplèks atravè Eta a. Nouyòkè yo merite yon lidè solid, ki efikas ak reflechi, e mwen fyè pou m nonmen Jij Wilson kòm Jij Anchèf", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Bilan remakab Jij Wilson lan defann jistis ak ekite fè li byen apwopriye pou dirije tribinal la nan moman enpòtan sa a. Pou asire ke Tribinal la kontinye fonksyone byen, mwen gen entansyon tou nonmen Caitlin Halligan, ki pral pote yon pèspektiv enpòtan nan sistèm jistis nou an. Madan Halligan te youn nan kandida ki trè rekòmande nan lis sèt moun Komisyon sou Nominasyon Jidisyè a te revize a. Mwen pa ka tann pou mwen travay ak moun ki gen talan sa yo pou ogmante estim pi wo tribinal Eta nou an, pwoteje dwa ak sekirite Nouyòkè yo, epi asire ke yo administre jistis la. Tribinal nou yo te bloke depi lè pandemi an, epi mwen pral travay di ak nouvo lidèchip la nan Jidisyè a pou asire ke yo pa refize jistis ankò akòz ensifisans nan sistèm nou an."

Onorab. Rowan D. Wilson te sèvi kòm yon Jij Asosye nan Tribinal Apèl la depi 2017. Si yo konfime li, Jij Wilson ta fè istwa kòm premye Jij Nwa Anchèf. Li te resevwa diplòm bakaloreya li nan Harvard College epi li te gradye nan Harvard Law School. Apre lekòl dwa, soti 1984 rive 1986, Jij Wilson te sèvi kòm grefye pou Onorab James R. Browning, Jij Anchèf nan Tribinal Dapèl Etazini pou Nevyèm Awondisman an.

Aprè sa, li te rejwenn Cravath, Swaine & Moore LLP kòm yon asosye, e li te vin tounen yon patnè an 1992, sitou li te sèvi kòm premye patnè Nwa nan istwa konpayi an. Pandan ke Jij Wilson nan pratik prive, li te okipe anpil zafè antrepriz ak zafè benevòl Li te sèvi tou kòm Administratè pou Komite Avoka pou Dwa Sivil Dapre Lwa (Lawyers Committee for Civil Rights Under Law) ak pou Sant Nasyonal pou Lwa ak Jistis Ekonomik (National Center for Law and Economic Justice), epi pandan venyen ane kòm Prezidan Sèvis Defansè Katye Harlem (Neighborhood Defender Service of Harlem) lan, ki bay reprezantasyon legal ak sèvis defans piblik kominotè nan kominote Harlem.

Rowan D. Wilson, te deklare, "Sèvi kòm Jij Anchèf nan Tribinal Apèl la t ap onè karyè mwen, epi mwen santi m imilite pa nominasyon sa a pa Gouvènè Hochul. Pwoteje dwa Nouyòkè yo se pi gwo priorite mwen, epi mwen pa ka tann pou mwen travay avèk Gouvènè Hochul ak patnè nou yo atravè sistèm jidisyè a pou jere tribinal nou yo epi bay jistis."

Caitlin J. Halligan kounye a se yon patnè nan kabinè avoka Selendy Gay Elsberg PLLC. Madam Halligan te resevwa diplòm premye sik li nan Princeton University epi li te gradye nan Georgetown University Law Center an 1995. Lè li gradye nan lekòl dwa, li te sèvi kòm Grefye pou Onorab Patricia Wald nan Tribinal Apèl Etazini an pou Awondisman Distri Columbia ak Onorab Stephen Breyer, Jistis Asosye nan Tribinal Siprèm Etazini an.

Madam Halligan te sèvi kòm chèf Biwo Entènèt nan Biwo Pwokirè Jeneral Eta New York la ak Premye Avoka Jeneral Adjwen pou Eta New York, epi depi 2001 rive 2007 li te sèvi kòm Pwokirè Jeneral Eta New York. Li te sèvi tou kòm Konseye Jeneral nan Biwo Pwokirè Distri Konte New York la. Kounye a li anseye plizyè klas kòm yon Konferansye sou Dwa nan Harvard Law School, epi li te deja anseye nan Columbia Law School ak Georgetown Law Center.

Caitlin J. Halligan te deklare, "Kounye a plis pase avan, tribinal nou yo dwe yon kote ki gen entegrite, ekite ak jistis pou tout moun, epi mwen angaje m pou m defann valè sa yo si Tribinal la konfime. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul paske li mete konfyans li nan mwen nan moman enpòtan sa a pou sistèm jidisyè nou an."

Tribinal Dapèl New York la te etabli pa amannman konstitisyonèl an 1847. Pandan premye ven ane li yo, mwaye jij Tribinal la te eli epi Gouvènè a te nonmen mwaye pami jij Kou Siprèm lan. Konvansyon Konstitisyonèl 1867-68 la te ekri nouvo atik ki prevwa sèt jij epi depi lè sa a jiska 1977, eleksyon nan tout eta a te chwazi jij pou tribinal la. An 1977, yo te amande Konstitisyon Eta a pou kreye yon Komisyon sou Nominasyon Jidisyè pou rekòmande Gouvènè a kandida pou nominasyon nan Tribinal la, epi mande pou Gouvènè a nonmen pami moun ki rekòmande yo, avèk konsèy ak konsantman Sena a. Lejislatif la, ki egzije pa amannman konstitisyonèl la prevwa òganizasyon ak pwosedi Komisyon an, li te adopte Atik 3-A nan Lwa Jidisyè a an 1978, ki te amande de fwa ankò nan ane 1980 yo. Konfòm ak manda konstitisyonèl ak legal,

Gouvènè Hochul planifye pou l siyen yon lòt amannman nan Lwa Jidisyè a, ki pèmèt yon Gouvènè ranpli yon pòs Jij Asosye rapidman lè yon Jij Asosye kreye yon pòs ki vin Jij Anchèf lè li kreye opsyon pou chwazi yon moun ki deja sou lis ki deja apwouve pou ranpli yon pòs vid nan tribinal la.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418